# HAYAL OBRAZÍN DÓRETIWDE RITORIKALÍQ SORAW GÁPLERDIŃ ÓZGESHELIKLERI

Dauletmuratova Xurziya Elubaevna
Ájiniyaz atındağı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı
https://doi.org/10.5281/zenodo.20034417

**Annotaciya:** Maqalada T. Qayıpbergenovtıń «Qaraqalpaq qızı» shığarmasında hayal obrazın dóretiwde qollanılğan ritorikalıq soraw gáplerdiń ózgeshelikleri talqılanğan. Izertlew dawamında ritorikalıq soraw gápler 10 semantikalıq toparğa bólindi hám olardıń funkcional hám muğdarlıq tártibi anıqlandı. Ritorikalıq soraw gápler hayal-qız obrazın jaratıwda áhmiyetli lingvoprozalıq qural sıpatında xızmet etip, qaharmanıń ishki sezimleri, emocional jağdayı hám jámiyetlik poziciyasın sáwlelendiriwde belsene qatnasadı. Sonıń menen birge, olardıń shığarmada emocional-ekspressivlikti kúsheytiwshi tiykarğı til quralların biri ekenligi anıqlandı.

**Gilt sózler:** lingvoprozalıq analiz, lingvostatistika, ritorikalıq soraw gápler, hayal obrazı, semantikalıq toparlar, stilistikalıq figuralar, emocional ekspressiya

Ritorikalıq soraw gápler kórkem sóz sheberiniń talğamın, ishki keshirmelerin, estetikalıq kózqarasların bayanlawda oğada áhmiyetke iye stilistikalıq figuralardıń biri. Olar qosımsha emocionallıq mánilerdi ańlatıp keletuğın bolğanlıqtan, kitapqumarğa avtordıń (yamasa personajdıń) oy-pikirlerin, tuyğı-sezimlerin keńirek túsiniwge hám seziniwge járdem beredi. Sonday-aq, avtorğa kerekli mazmundı jetkere alatuğın konstrukciyalardı tańlap qollanıw ushın úlken imkaniyat deregi bolıp xızmet etedi.

Prozalıq shığarmalardı ritorikalıq soraw gáplersiz kóz aldımızğa keltiriw múmkin emes. Sebebi, kúshli emocionallıq mániler kóbinese mine usı ritorikalıq soraw gápler arqalı bildiriledi. Biz bul ilimiy jumısımızda T.Qayıpbergenovtıń «Qaraqalpaq qızı» shığarmasındağı ritorikalıq soraw gáplerdi talqılap, olardıń hayal obrazın dóretiwge qanshelli dárejede úles qosqanın izertlep qaraymız.

Jazıwshınıń shığarmasında qollanılğan ritorikalıq soraw gáplerdi klassifikaciyalawda ilimpazlar Z.Kazimbetova [1, 63-69] hám A.Nasirovanıń [3, 84-94] islegen klassifikaciyalarına súyendik.

Qaraqalpaq prozasında óziniń ayrıqsha ornına iye jazıwshı T.Qayıpbergenov «Qaraqalpaq qızı» shığarmasında ritorikalıq soraw gáplerden júdá ónimli qollanğan. Olar emocionallıq máni ańlatıwına qaray tómendegi toparlardı quraydı:

**1. Tańlanıw, hayran qalıw mánisin bildiriwshi ritorikalıq soraw gápler:**

– *Yapırmay-a?!* – Jumagúl bul áńgimeni birew tıńlap qoymadı ma degendey eki qaptalındağı mayda torańğıl aralasıp ósken shabırawıt jıńğıllıqqa gezekme-gezek qaradı hám Bağdagúldiń qolınan uslap irkti. [2, 194]

– Turdıgúl, qálseń oqıwğa ketemiz.

– *Oqıwğa?!* [2, 246]

Bul-ám ápsanalıq is boladı.

– *Men-á?* – dep Qızlargúl kókiregindegi mushtay túymesin qamtıladı. – Balaları jılasa, ata-anaları meni tutıp jemey me? [2, 393]

– *Haw burınnan sońğa hayal el basqarıp kórip pe?* [2, 444]

**2. Ǵázepleniw, ashıwlanıw seması bar ritorikalıq soraw gápler:**

*Ol óz gezeginde balasınıń qıyalına tusinip kelinine jekirindi: – Mektep kórgenbiseń, óziń!?* [2, 86]

– *Sarqıttı nege jemediń?!* [2, 88]

– *Senińshe men qara qoqım suwman-á!* [2, 161]

Burıngı zaman bolganda búytip sóylew túwe, eriń tilińdi keser edi. *Zamannıń ırqına qarap betińe kelmegen erkekke ústemlik etkiń keledi-á?* («Qaraqalpaq qızı», 354-bet)

**3. Mısqıllaw mánisin bildiriwshi ritorikalıq soraw gápler:**

– *Moskvaǵa barsa baxıtlımısh-a?* – dep Nurımbet axun qaptalına túkirip, eki betti oqımay ótti. [2, 298]

Al bul húkimet oqıwdı bánelep úsh qız alajaq... *Qızlar oqıydımısh!...* [2, 316]

**4. Narazılıq mánisin beriwshi ritorikalıq soraw gápler:**

– *Aǵa, ırasıń ba, seniń?!* Búytseń apam menen men de ketemen onda! – dedi qız jılamsırap. [2, 7]

– Háy kelin! – dedi pátli. – *Mayda temeki kózińe az kórine me?* – degen. *Basqalardan bizdi pás kórdinbe, qabaǵımdı toltırmay nege órlep kiyatırsań?!* [2, 100]

*Ákeniń úyinde bilmeydi ekenbiz... sháriyattıń bizlerge bunsha qattılıǵı nelikten eken-á?* Qız waqtımızda da júris-turısımız sanawlı, túnde dalaǵa shıǵıp qatar-qurbı menen bir sharıqlap oynamadıq [2, 153].

*«Hesh nárseni túsinbeytuǵın qanday háwlirme? Keshigeyin dep keshiktim be?* Dástúr. Suwǵa bargan hayallardıń qabaǵın toltırmasań jurt masqara qılsa Joldan ótip kiyatırǵan adamnıń aldınan kesip ótse, «Qara jol qatın» dep jolawshılar ǵarǵasa! *Elge jaranıw ma, erge jaranıw ma?...»* [2, 101]

**5. Salıstırıw maqsetinde qollanılǵan ritorikalıq soraw gápler:**

Ákesi, aǵaları bar qızlardı heshkim bassınıp, awır sóz ayta almaydı. *Al Jumagúldi bazıbir nadanlar adam eken dese! Áyten mollaǵa shekem qoyarda qoymay onı ayttırıp júr. Al, mınaw Biybige ne joq! Onday mápilik adamlar ayttırıw túwe, shiyinen súykenip ótsin. Ákesi ashıwlanıp, bir kespeltekti ala shıqsa, kim dırrıqshılıq ete aladı?* [2, 20]

Bul waqta mal-ataq, abıray, qatın bolıp ketti. *Biybipatpanıń qaysı áwladı Sánemnen mómin til alǵısh, isker boladı deyseń? Aqıbeti nege ákeldi?* Biybiniń de xorlanatuǵını sózsiz!!! *Sánem bul jóninde ayta ala ma?* Qoyagór, usı qıyaldı hátteki birew esitpesin! [2, 25]

*Bardamlı jerge kelinshek bolǵan qaysı kámbaǵaldın qızınıń mańlayı jeti qarıs ashıldı?* [2, 101]

**6. Isenimsizlik, gúmanlanıw mánisin bildiriwshi ritorikalıq soraw gápler:**

*Állen waqıtta barıp solıǵın basıp, isip ketken kózlerin uwqalap «túsim emespeken?* Túsinde jılaǵan, ońında quwanadı deytuǵın edi, túsim bolǵay» dep, biymezgilde payda bolǵan oyqanǵa isenbey, ján-jaǵına qarap edi, ılashıqta qazan-tabaq, qumǵan, bir qabaq bar [2, 7-8].

*Ol súygen jigitinen ayrılǵanǵa miyi awljıp, esi jarım bolǵan shıǵar, yamasa Jańabazardıń biyiyman iyshanı duwa jegizip basın aynaldırdı ma eken?* [2, 244]

*Endi aytqan menen ashıw ústinde jabılǵan jala dep onın sózine kim isenedi?...* [2, 61]

**7. Uwayımlaw, qayǵırıw mánisindegi ritorikalıq soraw gápler:**

*On gúlinen bir gúli ashılmaǵan náwshe, saqalı paxtaday aq iyegi másiwektey qayqı, awzında bir tisi joq máplik ǵarrı menen qalay kete beredi?...* [2, 244]

*Oraqbay ózimdi jaqsı kórgeni menen, báribir, Tazagúlim ógey qız atın keshirmey me?* [2, 407]

*Jumagúl qaydan sheshim tapsın?* Óz basındağı muńın kimge aytıp shağınarın bilmey, zarı-giryan. [2, 21]

**8. Pikirdiń durıslığın tastıyıqlatıw maqsetinde qollanılǵan ritorikalıq soraw gápler:**

*Perzentiniń xor bolǵanın qaysı ana jaqsı kóredi?* [2, 25]

*Aydı etek penen jawıp bola ma?* ([2, 53]

*Kempirlerge jorıtsam, baxıtlı bolasań, ul-qızıń kóp boladı deydi, usınday gór gúmrashılıqta ul-qızdıń ne paydası bar?* [2, 154]

Sol Jańabazarlı iyshan usı jasına kelgenshe segiz oshaqtı awmastırǵan deydi. Men toǵızınshısı qusayman. *Búytip xorlanǵansha ólgenim abzal emes pe?* [2, 246]

**9. Pragmatikalıq maqsette qollanılǵan ritorikalıq soraw gápler:**

*Jańaǵı aytqan bahanı Dúysenbay emes Qutımbayǵa, Mámbet molla emes, Áyten mollaǵa aytar ma edi?!* [2, 74]

– *Perzent ákesinen batpan artıq tuwmasa nege kerek demeytuǵın ba edińiz?!* [2, 492]

– Ol jaǵın oylanıp kórgenim joq. Óziń bil. *Hayaldıń tilin hayal tappasa men qaydan bileyin?* [2, 471]

**10. Qaharmannıń oyları, ishki keshirmelerin bildiriw ushın qollanılǵan ritorikalıq soraw gápler:**

*Mınalar ájeline asıǵadı-aw! Usınnan tereńge túsip ketse óledi ǵoy? Júziw bile me, bul gódekler!... Soń baspaqlarǵa nege tońqıldap turǵanına túsinbey, ózine-ózi keyidi: «Men ne qılıp turman? Yamasa mámelek aylandırdı ma?* [2, 16]

*Jáne ózine-ózi: «men háreketlengennen sawman ba?» dep bul qıyalların umıtqansha asıǵadı, «ózimniń sıqpanımdı sıǵa almay júrip, kisiniń kespasın kesiwdi maǵan kim qoyıptı?»* [2, 37]

*Sonsha jıl intizar bolıp kórgen jalǵız perzenti nege tiri jetim bolıp ósti?* «Áy, quday sende kóz joq», dep bir gúbirlendi de, «Hásige ketsem keshire gór» dep jaǵasına túpirdi… *«Ózim ólip, qızım birotala jetim qalǵanda ne qılar edim?»* [2, 48]

*Tiykarında waz degen teńliktiń jarshısı ma deymen, átteń hámme esiter me edi?...* [2, 190]

Solay etip, jazıwshı T.Qayıpbergenov «Qaraqalpaq qızı» shıǵarmasında ritorikalıq soraw gáplerden hayal obrazın jaratıwda júdá ónimli qollanǵanlıǵın kórdik. Olar hár qıylı tematikalıq toparlardı dúzip, hayal-qızlardıń sóz portretin, xarakterin, oylaw dárejesin, ishki keshirmelerin hám emocionallıq jaǵdayların kitap oqıwshıǵa tereńnen jetkerip beriwde belsendi qollanılǵan. Sonday-aq, burınnan qáliplesken jámiyetlik túsinikler menen hayal-qızlardıń jaqsı kúnlerge degen úmitleri, gúresleri ritorikalıq soraw gápler járdeminde jaqsı ashıp berilgen.

Anıqlanǵan lingvostatistikalıq talqılaw nátiyjeleri sonı kórsetedi: shıǵarmada ritorikalıq soraw gápler hayal obrazın jaratıwda sistemalı hám maqsetli túrde qollanılǵan hám de olar belgili bir semantikalıq toparlarǵa bólinedi. Ulıwma shıǵarmada hayal obrazın jaratıwda qollanılǵan ritorikalıq soraw gápler sanı shama menen 173 dananı quraǵan bolsa, talqılanǵan materialda ritorikalıq soraw gápler 10 semantikalıq túrge ajıratılǵan bolıp, olardıń ulıwma qollanılıw jiyiligi menen funkciyası hayal obrazınıń lingvoprozalıq modelin qáliplestiriwde áhmiyetli orın tutadı. Bunı biz tómendegi kestede sanlı maǵlıwmatlar menen berdik:

| № | Semantikalıq topar | Sanı – 173 | Procent (%) |
|---|---|---|---|
| 1 | tańlanıw | 18 | 10,5 % |
| 2 | ashıw / ashıwlanıw | 20 | 11,8 % |
| 3 | ironiya | 9 | 5.2 % |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 4 | narazılıq | 20 | 11,8 % |
| 5 | salıstırıw | 15 | 8,8 % |
| 6 | gúman | 16 | 9,4 % |
| 7 | qayǵı / azap | 19 | 11,1% |
| 8 | tastıyıqlaw | 17 | 10 % |
| 9 | Pragmatikalıq | 15 | 8,8 % |
| 10 | ishki sóylew (refleksiya) | 24 | 14,1 % |

Islep shıǵılǵan lingvostatistikalıq tallaw nátiyjeleri tiykarında: «Qaraqalpaq qızı» shıǵarmasında ritorikalıq soraw gápler funkcional tárepten hár qılı bólistirilgen bolıp, olardıń tiykarǵı bólegi emocional-ekspressiv hám psixologiyalıq júklemege iye toparlarǵa tuwrı keledi (14,1%). Bul jaǵday ritorikalıq soraw gáplerdiń hayal obrazın jaratıwda:

- ishki oylardı modellestiriw;
- emocional tásirlilikti beriw;
- sociallıq narazılıqtı ańlatıw sıyaqlı funkciyalardı atqarıp atırǵanın kórsetedi. Sonıń menen birge, orta jiyilikli toparlar (9,4 %) hayal obrazınıń sociallıq hám kognitivlik tároplerin ashıp beriwge xızmet etedi, al tómen jiyilikli topar (5.2%) bolsa lokal stilistikalıq tásir etiw quralı sıpatında kórinedi. Ótkerilgen lingvostatistikalıq tallaw nátiyjelerine bola, "Qaraqalpaq qızı" shıǵarmasında ritorikalıq soraw gápler joqarı jiyilikli hám kóp funkciyalı lingvoprozalıq qural sıpatında kórinedi. Olardıń semantikalıq toparlarǵa bóliniwi hayal obrazınıń hár qıylı qırların – emocionallıq jaǵday, sociallıq status hám psixologiyalıq keshirmelerin – kompleksli túrde bildiriw imkaniyatın beredi.

Solay etip, ritorikalıq soraw gápler tek ǵana ekspressivlik qural emes, al hayal obrazın jaratıwdaǵı tiykarǵı lingvoprozalıq modellerden biri sıpatında xızmet etedi.

## Adabiyotlar, References, Литературы:

1. Казимбетова З. Ж.Избасқанов шығармаларының лингвопоэтикалық анализи: Филол. илим. филос. д-ры (PhD)... дис. – Нөкис, 2022. – Б. 63-69.
2. Қайыпбергенов Т. Қарақалпақ қызы. – Нөкис «Қарақалпақстан», 1975.
3. Nasirova A. Qaraqalpaq xalıq aytıslarınıń lingvopoetikalıq analizi: Filol. ilim. filosofiya d-rı (PhD) ... diss. – Nókis., 2024. – B. 84-94.